

Gid Planifikasyon Ijans pou Paran ki nan Sitiyasyon Imigrasyon ki Riske

Tab dè Matyè

Entwodiksyon....1
Otorizasyon Moun k ap swen yon timoun....2
Otorizasyon Ajan Tanporè....3
Titèl sou yon Timoun ki poko gen 18tan (Minè)....4
Konparezon tout Opsyon Gad pou Okipe Timoun yo ak Titèl la....6
Kijan yon Aranjman pou Gad yon Timoun Kapab Enpakte Posibilite pou Timoun lan nan Jwenn Avantaj....8
Lis Verifikasyon Dokiman pou Pare....10
Resous....11
Obsèvasyon....12

Entwodiksyon

Paran yo ki gen yon sitiyasyon imigrasyon ki pa garanti gendwa gen preyokipasyon osijè swen ak gade timoun yo sizoka ofisyèl imigrasyon federal yo ta kenbe oswa depòte yo. Anba la a se opsyon jiridik yon paran ta dwe konsidere pou yo timoun ki pral rete Ozetazini sizoka paran li ta dwe ale nan detansyon oswa nan depòtasyon.

Pou deside ke youn nan opsyon sa yo se bon chwa a pou yon fanmi an patikilye pral depann sou fanmi sa a. Pa egzanp, si yon paran antisipe sèlman yon separasyon pou yon ti tan ak yon timoun, otorizasyon Moun k ap swen yon timoun an oswa otorizasyon ajan tanporè a gendwa fè plis sans. Si separasyon an pral dire anpil tan oswa Moun k ap swen yon timoun an ta renmen pou pitit la rete nan yon lòt Eta, pwoteksyon adisyonèl ki genyen nan enstitisyon jiridik ki rele titèl gendwa pibon. Nou pral diskite chak nan sa yo ak plis detay anba la a.

Pou chak opsyon, paran an gendwa vle prepare fòm ki nesesè yo alavans pou paran an, timoun lan ansanm ak moun ki pral swen pitit la kapab pare, si yo bezwen.

Otorizasyon Moun k ap swen yon timoun

Kiyès ki Moun ki bay swen an?

Yon moun ki bay swen kapab pran desizyon medikal ak pou edikasyon yon timoun nan plas paran an, men li pa gen tout otorite an nèt pou aji menmjan ak yon paran. Paran an pa abandone gad ni dwa parantal yo. Sètadi ke se paran an ki gen ledènye mo pou jere pitit la. Otorizasyon yon Moun k ap swen yon timoun dire de (2) zan epi yo dwe renouvle li.

Kijan Pwosesis pou Otorize yon Moun ki Bay Swen an ye?

1) Afidavit pou Otorizasyon Moun k ap swen yon timoun: Paran an ta dwe ranpli premye paj fòm fidavit Otorizasyon pou Moun k ap swen yon timoun an epi siyen li devan de (2) temwen (ki pa moun ki bay swen an) ak yon notè piblik (ki disponib jeneralman nan tout bank yo). Temwen yo, moun ki bay swen an ansanm ak note a ta dwe siyen fòm la tou.
2) Livrezon Afidavit la: Moun ki bay swen an ta dwe voye tounen yon kopi Afidavit ki tou ranpli a bay lekòl ak pèsonèl medikal pitit la (tankou doktè ak dantis yo) si ak lè pitit la anba responsabilite li. Moun ki bay swen an ta dwe kenbe orijinal Afidavit la epi paran an ta dwe kenbe yon kopi.
3) Anilasyon: Pou anile aranjman an, se pou paran an voye yon lèt ki date ak siyen bay moun ki bay swen an pou anile otorizasyon pou moun ki bay swen an. Ni paran an ak ni moun ki bay swen an ta dwe voye lèt sa a bay lekòl ak pèsonèl medikal lan.
4) Renouvèlman/Amannman: Yon otorizasyon moun ki bay swen valab pandan 2 lane, apre sa paran an ak moun ki bay swen an dwe ranpli yon nouvo otorizasyon. Yon otorizasyon pou moun ki bay swen gendwa modifye nenpòt lè; pou fè sa, annik ranpli yon nouvo otorizasyon.

Fòm Afidavit Otorizasyon Moun ki Bay Swen:

http://www.masslegalhelp.org/immigration/caregiver-authorization-w-alternate.docx

Referans Jiridik: *M.G.L. Ch. 201F*

Otorizasyon Ajan Tanporè

Kimoun ki ka yon ajan tanporè?

Ajan tanporè yo sanble moun ki bay swen yo menyo gen plis otorite sou timoun lan pandan yon peryòd tan ki pi kout. Yon ajan tanporè gendwa aji nan plas paran an prèske nan tout sitiyasyon,men ajan an pa kapab bay konsantman li pou maryaj ak pou adopsyon. Epitou, yon paran gendwa limite otorite ajan an. Otorizasyon sa a ap dire 60 jou apre sa yo dwe renouvle li.

Kisa ki Pwosesis la pou Otorize yon Ajan Tanporè?

Pwosesis la prèske idantik ak pwoposesis pou otorizasyon pou moun ki bay swen an, men yon paran bezwen konsantman dezyèm paran an tou, si paran an vle epi kapab bay swen epi yo konnen ki kote li rete.

Echantiyon Fòm Otorizasyon Ajan Tanporè

http://www.masslegalhelp.org/immigration/temporary-agent-affidavit-w-alternate-agent.docx

Referans Jiridik: *M.G.L. Ch. 190B Article V §§ 5-103*

Gadyen Legal pou Timoun Minè

Kimoun ki kapab yon gadyen?

Se yon tribinal ki nonmen yon gadyen legal yo pou pran tout desizyon jiridik pou yon timoun, nan plas paran li. Yon gadyen anjeneral ap viv nan menm kay ak pitit la epi li gen gad legal sou pitit la tou, kidonk paran yon pa kapab pran desizyon pou pitit la, eksepte si gadyen legal la fini. Gadyen legal la kapab tanporè (li ka dire jiska 90 jou) oswa pèmanan (ki dire jiskaske timoun la gen 18tan oswa pou yon lòt peryòd tan tribinal la fikse), menmsi yon tribinal toujou gendwa sispann gadyen legal la, si tribinal la panse se nan enterè timoun lan.

Kijan Pwosesis pou Nonmen yon Gayden ap Dewoule?

Tribinal Siksesoral ak pou Fanmi an gendwa nonmen yon gadyen nan divès sikonstans, ikonpri si tout paran ki vivan (yo) bay konsantman yo pou gadyen lega a oswa si tribinal la dekouvri paran (yo) pa konpetan oswa pa disponib pou yo gen gad la. Nenpòt kimoun gendwa voye yon petitisyon bay tribinal la pou nonmen yon gadyen, ikonpri paran an, moun ki vle gadyen an oswa timoun lan. Apre sa, tribinal la pral òganize yon odyans pou deside si li ta dwe nonmen gadyen a.

Bay konsantman alavans:

Pou bay konsantman ofisyèlman pou etabli gadyen legal la, tout paran legal yo ta dwe prepare yon Renonsyasyon Notarye ak Konsantman pou Fè yon Petisyon pou Gadyen Legal sou yon Timoun, fè l notarye epi bay li ba moun ki pral vin gadyen a. Apre sa, si epi lè li nesesè pou etabli gadyen legal la, yon moun ki vle vin gayden a gendwa prezante fòm sa a ansanm ak yon Petisyon pou Nomen yon Gadyen nan Tribinal Siksesoral ak pou Fanmi a.

Si yon paran pa disponib deja:

Si paran an pa kapab prepare fòm konsantman anvan detansyon oswa depòtasyon an, moun ki vle vin titè a (oswa yon lòt moun ki enterese vin titè) gendwa depoze yon Petisyon pou Nomen yon Gadyen ki endike paran (yo) pa disponib.

Gadyen Legal tanporè:

Moun ki prezante petisyon an gendwa depoze tou yon Mosyon pou Nonmen yon Gadyen Legal Tanporè. Desizyon pou mete anplas yon gadyen legal tanporè akselere (ki dire jiska 90 jou) gendwa apwopriye pou asire estabilite pou pitti la pandan y ap mete anplas gadyen legal pèmanan an.

Si yon timoun gn 14zan oswa plis:

Si yon timoun gen omwens 14zan, anjneral tribinal la pral teni kont de kimoun li ta renmen ki nonmen kòm gadyen li. Yon timoun ki gen omwens 14zan ta dwe sèvi ak Fòm Notarye Verifikasyon Konstanman ak Nominasyon yon Gadyen yon Timoun ki poko gen 18tan (Minè) fè pou depoze Petisyon pou Nonme yon Gadyen. Paran an gendwa vle gen yon konvèsasyon sensè avèk timoun lan sou sa, pou timoun lan kapab pare pou nonmen yon gadyen oswa pou li ka pare dokiman an alavans.

Sispann Gadyen Legal la:

Pou sispann gadyen legal la, paran an (oubyen yon moun) ta dwe tounen devan tribinal la pou depoze yon Petisyon pou Retire Gayden Legal yon Timoun ki poko gen 18tan oswa gadyen an kapab depoze yon Petisyon pou Demisyone antanke Gayden Legal yon Timoun ki poko gen 18tan.

Fòm yo

http://www.mass.gov/courts/forms/pfc/pfc-upc-forms-generic.html#2

Referans Jiridik:

M.G.L. Ch. 190B Article V §§ 5-204, 5-206 and 5-207

Konparezon tout Opsyon pou Pran Swen ak Opsyon Gad

	Otorizasyon Moun ki Bay Swen	Otorizasyon Aja
Otorite Moun ki Bay Swen an genyen	Limite: Sèlman desizyon medikal ak pou edikasyon pou pitit la	Pi laj: menm nivo ak pa kapasite pou bay kons maryaj ak adopsyon (p posib tou)
Otorite Paran an kontinye genyen	Li kenbe dwa parantal ak gad legal (se li ki pran desizyon final la)	Li kenbe dwa parantal (se li ki pran desizyon
Konbye Tan li Dire	2 zan (renouvlab)	60 jou (renouvlab)
Patisipasyon Tribinal la	• Tribinal la pa gen anyen pou wè ak sa • Paran an deside kimoun ki pral okipe pitit la • Paran an kapab modifye/ anile jan li vle	• Tribinal la pa gen a ak sa • Paran an pran des pral okipe pitit la • Paran an kapab m li vle
Patisipasyon Dezyèm Paran an	Pa bezwen konsantman dezyèm paran an	Konstantman 2zyèm p ki vle epi ki kapab bay konnen kote li rete
Pwosesis	1. Ranpli Afidavit Otorizasyon Moun ki Bay Swen an 2. Asire w moun ki bay swen an gen orijinal la pou li ka sèvi ak li, lè sa nesesè	1. Ranpli Afidavit Aja 2. Resevwa konsantm paran ki p ap nonm nesesè) 3. Asire w ajan an ge li ka sèvi ak li, lè sa

an Tanporè	Gadyen Legal
aran an, sof santman pou olis restriksyon	Pi laj toujou: Menm nivo ak paran legal la
ak gad legal final la)	Okenn depi gadyen legal la fin konfime, eksepte si gadyen legal la limite oswa si tribinal la replase pitit la avèk paran an
	Gadyen legal pèmanan: Pandan tout tan Tribinal la nonmen gadyen a (sa kapab dire jiskaske timoun lan fete 18tan) Gadyen legal tanporè: Jiska 90 jou (renouvlab)
anyen pou wè side kimoun ki odifye/anile jan	• Tribinal la aktif • Tribinal la pran desizyon sou kimoun moun ki bay swen an pral ye (men souvan li respekte avi paran k ap bay konsantman li) • Tribinal la dwe apwouve chanjman/anilasyon yo • Pitit la gen dwa gen yon avoka tribinal la ba li (depi yo prezante petisyon an) • Paran an gen dwa gen yon avoka tribinal la ba li (depi yo prezante petisyon an)
paran an nesesè swen si yo	Swa konsantman yon dezyèm paran legal la oswa yo dekouvri paran an pa konpetan oswa pa disponib
n Tanporè a man nan men men an (sis a en orijinal la pou a nesesè	• Paran (yo) dwe ranpli ak notarye fòm renonsyasyon ak konsantman an alavans ; si timoun lan gen omwens 14zan, se li ki pou ranpli ak notarye yon fòm konsantman verifye ak nominasyon • Lè ou vle pou gad la vin ofisyèl, moun ki vle gadyen legal an (oswa yon lòt moun) voye yon petisiyon bay tribinal la pou nonmen yon gadyen OSWA • Si yo pa ka ranpli fòm yo san reta, moun ki vle gayden an (oswa yon lòt moun) gendwa depoze yon petisyon ki endike paran (yo) pa disponib

Kijan yon Aranjman pou Gad yon Timoun Kapab Enpakte Posibilite pou Timoun lan nan Jwenn Avantaj

Lè w ap reflechi byen sou **kimoun** ki ta ka okipe yon timoun ak **ki kalite** aranjman pou swen ki ta pi bon si yon paran pa disponib ankò, avantaj yon timoun kalifye pou resevwa oswa gendwa kalifye pou resevwa, enpòtan; divès tip moun ki bay swen otorize legalman pou kolekte diferan tip avantaj.

Avantaj Sekirite Sosyal [ki gen ladann Avantaj pou Sivivan ak Revni Sekirite Anplis (SSI)]

- Yo dwe chwazi Moun ki bay swen an kòm Reprezantan Benefisyè a po touche avantaj yo nan plas pitit la
    - Selon pouvwa diskresyonè Administrasyon Sekirite Sosyal la
    - Paran oswa gadyen yo gen priyorite (menm si yo p ap viv ak timoun lan) pa rapò ak lòt moun ki bay swen yo
    - Moun ki gen sèten kalite dosye kriminè pa kapab Reprezantan Benefisyè

Èd tranzisyon bay Fanmi ak Timoun Depandan anba Responsabilite yo (TAFDC)

- Pou kapab kalifye, timoun lan dwe ap viv ak yon fanmi (yon fanmi biyolojik, yon fanmi pa maryaj oswa pa adopsyon)

Èd Ijans bay Moun Aje, Moun ki Andikape ak Timoun (EAEDC)

- Pou kapab kalifye, pitit land we viva k yon moun ki pa fanmi li (kidonk li pa ka kalifye pou TAFDC ankò)
- Moun ki bay swen an dwe ap viv ak timoun lan oswa gen gad ou gayden legal timoun lan, eksepte si moun ki bay timoun lan oswa pitit la ta “a risk pou l nan gwo danje oswa pou li sibi yon domaj emosyonèl grav” si moun ki bay swen an ta vin gen gad oswa titèl sou timoun lan

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP)

- Yo kapab detèmine avantaj yo selon kimoun k ap viv nan kay la
- Yon konsidere yon timoun ki poko gen 18tan nan menm kay la ak yon moun ki pa paran li ki viva k pitit la epi ki bay timoun lan sipò finansye epi/oswa sipèvizyon

Koupon Swen pou Timoun pou Edikasyon Bonè ak Swen (EEC)

- Yon paran oswa nenpòt moun ki bay swen k ap viv avèk timoun lan, k ap sipèvize li ak swen timoun lan, lè paran li yo pa abite nan kay la, kapab resevwa koupon swen pou timoun, si fanmi an kalifiye pou resevwa yo.

Lis Verifikasyon Dokiman pou Pare

Selon plan yo fè pou yon timoun an patikilye, yon paran ta dwe asire li ke tout dokiman enpòtan yo pou swen ak gad pitit sa a nan yon sèl kote epi ke yo disponib pou pitit la ak pou moun ki vle swen pitit la, si ak lè yo bezwen yo. Pami dokiman enpòtan sa yo, genyen:

- ☐ Otorizasyon Moun ki bay swen; oswa
- ☐ Otorizasyon Ajan Tanporè; oswa
- ☐ Dokiman pou Gad Timoun lan - Gadyen Legal, ikonpri:
  - ☐ Fòm Notarye pou Renonsyasyon ak Konsantman pou Petisyon pou Gadyen Legal
  - ☐ Fòm Notarye ak Konsantman Verifiye oswa Nominasyon yon Timoun ki poko gen 18tan (si pitit lan gen 14zan oswa plis)
- ☐ Paspò
- ☐ Batistè – Sètifika Nesans
- ☐ Kat Sekirite Sosyal oswa Nimewo Kontribyab Endividyèl
- ☐ Dokiman Imigrasyon
- ☐ Dokiman ki gen pou wè ak gad timoun lan
- ☐ Enfòmasyo Kont labank
- ☐ Dosye sou tout pwopriyete oswa byen pèsonèl
- ☐ Dosye ki gen pou wè ak pwogram avantaj Eta a oswa gouvènman federal bay (ikonpri Sekirite Sosyal, TAFDC, EAEDC, SNAP, ak EEC)
- ☐ Kontra asirans yo (ikonpri asirans sante ak asirans-vi)
- ☐ Dosye medikal
- ☐ Dosye lekòl
- ☐ Enfòmasyon kontak enpòtan (ikonpri lekòl, doktè ak manm fanmi yo)

Resous

Anba la a w ap jwenn resous ki gendwa itil paran yo, pandan y ap reflechi sou fason pou òganize swen pou timoun, lè paran yo a risk pou ale nan detansyon oswa pou yo depòte yo.

Enfòmasyon Jeneral

- Gid pou Planifye lè gen yon Sitiyasyon Ijans pou Fanmi a ki soti nan Mass Legal Help: http://www.masslegalhelp.org/immigration/family-emergency
- Gid tribinal pou moun ki bay swen ki fanmi, kote y ap jwenn yon lis resous ki ka itil yo, selon adrès kote yo rezide nan Massachusetts: http://www.mass.gov/courts/selfhelp/guardians/guide-relative-caregivers.html
- 2014 pake enfòmasyon Komisyon Refijye Fanm ki rele Detained or Deported: What about my children?: https://www.womensrefugeecommission.org/rights/resources/1022-detained-or-deported-parental-toolkit-english-interactive

Asistans Jiridik

- Lis asistans jiridik ki gendwa disponib nan men Tribinal Siksesoral ak pou Fanmi a: http://www.mass.gov/courts/selfhelp/guardians/guardianship-help.html
- Enfòmasyon konsènan fason pou tribinal la nonmen yon avoka pou yon paran nan yon dosye titèl (sizoka yon paran deside etabli yon titèl anvan yo depòte l): http://www.masslegalhelp.org/children-and-families/guardianship/parents-right-to-lawyer

Nòt



Office of Attorney General
Andrea Joy Campbell
One Ashburton Place Boston,
MA 02108
(617) 727-8400

® CHOCOLATE 274C

Rev. 08.17